

## **PRÈ DEZYÈM TIRAJ PWOGRAM PWOTEKSYON CHÈK SALÈ**

Pwogram Pwoteksyon chèk salè a (PPP) kounye a pèmèt sèten pretè kalifye ki te deja resevwa yon prè PPP pou yo aplike pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj ak menm kondisyon prè jeneral yo tankou Prè PPP Premye Tiraj yo. Prè PPP Dezyèm Tiraj yo ka sèvi pou ede finansman depans pewòl, san bliye prestasyon avantaj yo. Lajan ka sèvi tou pou peye enterè ipotèk, lwaye, sèvis piblik, depans pwoteksyon travayè ki gen rapò ak COVID-19, depans domaj byen ki pa gen asirans ki te lakòz piyaj oswa kraze brize pandan ane 2020, ak sèten depans founisè ak depans pou operasyon yo.

### **Kondisyon pou Padon konplè**

Prè Dezyèm Tiraj PPP yo bay pretè elijib kalifye pou padon prè total si pandan peryòd kouvri 8 a 24 semèn lan apre debousman prè a:

- Anplwaye ak nivo konpansasyon yo konsève nan menm fason yo egzije pou Prè PPP Premye Tiraj la;
- Benefis prè yo depanse nan depans pewòl ak lòt depans kalifye; epi
- Omwen 60 pousan nan benefis yo depanse nan depans pewòl yo.

### **Elijiblite yo sible**

Yon pretè jeneralman kalifye pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj si pretè lajan an:

- Te deja resevwa yon Prè PPP Premye Tiraj epi pral oswa te itilize tout kantite lajan sèlman pou itilizasyon otorize yo;
- Pa gen plis pase 300 anplwaye; epi
- Kapab demontre omwen yon bès 25% nan resi anvan taks ant trimès parèy yo nan lane 2019 ak 2020.

### **Montan Maksimòm Prè ak Ogmantasyon Asistans pou Biznis Lojman epi Sèvis Manje**

Pou pifò pretè, kantite lajan maksimòm prè nan yon Prè PPP Dezyèm Tiraj se 2.5x depans pewòl mwayèn chak mwa ane 2019 oswa 2020 jiska \$2 milyon dola. Pou pretè nan sektè Lojman ak Sèvis Manje a (klike [ISIT LA](#) pou NAICS 72 pou konfime), kantite lajan prè a maksimòm la pou yon Prè PPP Dezyèm tiraj se 3.5x depans pewòl mwayèn chak mwa ane 2019 oswa 2020 ki rive jiska \$2 milyon dola.

### **Ki jan ak ki lè pou aplike**

Pretè ka aplike pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj jouk 31 mas 2021, atravè nenpòt kreditè SBA 7(a) ki deja egziste oswa nan nenpòt enstitisyon depo ki gen asirans federal, sendika ki gen asirans federal, kreditè kalifye ki pa labank, oswa enstitisyon Sistèm Kredi Agrikòl ki patisipe nan PPP. Tout Prè PPP Dezyèm Tiraj ap gen menm kondisyon yo kèlkeswa kreditè oswa pretè lajan. Ou ka jwenn yon lis pretè patisipan ansanm ak lòt enfòmasyon ak kondisyon [ISIT LA](#).

### **Garanti Aksè pou tout moun**

SBA kontinye mande patnè kreditè li yo, tankou Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (CDFIs nan lang angle) ak Enstitisyon Depo Minorite yo (MDIs nan lang angle), pou yo fè plis efò nan ede pretè kalifye ki nan kominote desèvi ak defavorize. Yo mete soukote omwen \$25 milya dola pou Prè PPP Dezyèm Tiraj yo pou pretè ki kalifye ak yon maksimòm 10 anplwaye oswa pou prè \$250,000 oswa mwens pou pretè ki kalifye nan katye moun revni fèb oswa modere. Pou fasilite aksè pou pi piti pretè ak kliyan yo, SBA pral okòmansman aksepte aplikasyon prè sèlman nan men enstitisyon finansye kominotè apati 13 janvyè 2021. PPP a ap louvri pou tout pretè kap patisipe pou Prè PPP Dezyèm Tiraj yon ti tan apre.

**Vizite [www.sba.gov](http://www.sba.gov) oswa [www.treasury.gov](http://www.treasury.gov) pou plis enfòmasyon ak detay, tankou règleman pwogram detaye.**